

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Udagan tina ieu panalungtikan téh nya éta ngadéskripsiun tradisi hajat bumi, unsur semiotik dina tradisi hajat bumi, sarta larapna hasil panalungtikan tradisi hajat bumi pikeun salah sahiji *alternatif* bahan ajar dina pangajaran maca artikel budaya di SMA. Tiori nu digunakeun pikeun medar unsur tradisi hajat bumi nya éta sémiotika Peirce. Hasil panalungtikan tradisi hajat bumi dicindekeun dina pedaran di handap.

Tradisi hajat bumi téh pernahna aya di wewengkon Kabupaten Ciamis béké kalér, nya éta di Désa Jagabaya anu kaasup ka Kacamatan Panawangan. Anu dimaksud tradisi hajat bumi téh nya éta salah sahiji wujud sukuran seuweu-siwi Jagabaya ka Pangéran, sarta mieling taun baru Islam, jeung mieling jasa para karuhun ku cara jaroh ka makam karuhun anu pernahna di tabet karamat Jagabaya. Tradisi hajat bumi diayakeun sataun sakali unggal bulan Muharam tanggal hiji.

Tradisi hajat bumi mibanda dua fungsi, nya éta fungsi spiritual jeung fungsi sosial, luyu jeung nu ditataan saperti di handap.

- 1) Mangrupa kagiatan sukuran tina rahmat jeung barokah nu geus diturunkeun ku Pangéran.
- 2) Salaku kagiatan silaturahim masarakat Désa Jagabaya jeung sabudeureunana.
- 3) Mangrupa kagiatan dina ngaronjatkeun kasadaran manusa dina méré mawéh ka sasama atawa *sidekah*.
- 4) Mangrupa tawis nuhun ka karuhun, ku cara didu'akeun atawa dihadorohan dina prak-prakan hajat bumi.
- 5) Mangrupa kagiatan medar amanah karuhun, sangkan turunan Jagabaya miboga tanggung jawab ka dirina, ka sasama, ka lingkungan, jeung ka Pangéran.

Prak-prakan tradisi hajat bumi kabagi tilu tahapan, nya éta saméméh, prak-prakan, jeung sabada hajat bumi. Saméméh prak-prakan hajat bumi, ngabentuk heula panata acara anu ditunjuk ku masarakat jeung Pamaréntah Désa. Nu jadi panitia, ilaharna tokoh adat, tokoh masarakat, jeung tokoh pamuda. Sanggeus

panitia kabentuk, panitia tuluy nyiapkeun alat/bahan ogé waragad pikeun kalancaranana kgiatan hajat bumi. Sacara jéntréna, tahap tatahar hajat bumi mibanda tilu tahapan, nya éta musawarah, ngabéwarakeun, jeung ngasakan kadaharan. Prak-prakan hajat bumi, ngawengku meuncit embé kendit, solat hajat, sujud sukur, upacara nyadran, medar sajarah Jagabaya, dahar babarengan, jeung hiburan. Sedengkeun sabada hajat bumi, ilaharna sok dituluykeun kana hiburan deui anu dilaksanakeun peutingna. Ieu hiburan téh mintonkeun kasenian-kasenian Sunda, saperti gamelan degung, tari-tarian, jeung pupuh Sunda, sarta dina ieu hiburan téh sakalian mungkas atawa nutup acara hajat bumi.

Dumasar unsur sémiotika Peirce, matéri nu aya dina tradisi hajat bumi nya éta ikon, indéks, jeung simbol. *Ikon* nu kapanggih dina tradisi hajat bumi aya genap, nya éta kuncén karamat Jagabaya, embé kendit, sangu konéng, bakakak hayam, roko, jeung cai kopi. *Indeks* nu kapanggih dina tradisi hajat bumi aya opat belas, nya éta tradisi hajat bumi, solat hajat, sujud sukur, kidung riwayat padukuhan Jagabaya, upacara nyadran, medar sajarah padukuhan Jagabaya, dahar babarengan, hiburan, haseup, seungitna menyan, sasajén, waditra, sora tatabeuhan, jeung sora nu ngadu'a. Sedengkeun *simbol* nu nyangkaruk dina tradisi hajat bumi aya opat belas, nya éta bubur beureum, cara beureum cara bodas, rurujakan, kupat keupeul, kupat tangtang angina, sangu ketan beuleum lauk emas jeung cau, dewegan, endog, daun nipah, sintung, titipati, goléwang, rajapulang, jeung warna bodas-hideung dina embé kendit.

Hasil panaluntikan tradisi hajat bumi aya dina wangun artikel anu judulna “Tradisi Hajat Bumi Jagabaya” ieu artikel bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* bahan ajar dina pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII, jeung bisa dijadikeun bahan ajar, ku sabab bisa ngarojong kgiatan diajar-ngajar sarta wanguna bisa diobservasi, dianalisis, sarta ditulis sacara taliti dumasar kritéria bahan ajar.

## 5.2 Saran

Saran atawa pangdeudeul mangrupa salah sahiji aspek nu penting pikeun ngadeudeulan kakurangan nu patali jeung panalungtikan. Saran ti nu nyusun diantarana pikeun pihak-pihak nu ditataan ieu di handap.

### 1) Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Kabupaten Ciamis

Salaku instansi pamaréntah dina widang kabudayaan, tangtu kudu leuwih merhatikeun deui sarta ngarojong kana panaluntikan-panalungtikan ngeunaan budaya. Sabab, kabudayaan mangrupa cicirén tina hiji bangsa jeung bisa dijadikeun salaku asét anu nguntungkeun pikeun éta daerah. Salah sahijina budaya ngeunaan tradisi hajat bumi nu aya di Desa Jagabaya, Kacamatan Panawangan.

### 2) Lembaga Pendidikan

Hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun *alternatif* bahan ajar, hususna dina pangajaran Basa Sunda nya éta maca artikel budaya di SMA kelas XII. Sabab, hasil tina ieu panalungtikan téh ngandung ajén budaya jeung simbol-simbol budaya anu bisa ditepikeun ka siswa.

### 3) Budayawan

Salaku pihak nu miboga jasa dina widang kabudayaan, dina ngariksa jeung ngainvestarisasi budaya nu hususna aya di tatar Sunda. Mudah-mudahan ku ayana tradisi hajat bumi, bisa nyumangetan deui budayawan pikeun maluruh tradisi-tradisi nu can kaguar pikeun ngalengkepan data kabudayaan di tatar Sunda.

### 4) Masyarakat

Hasil tina panalungtikan tradisi hajat bumi di Jagabaya bisa ngeuyeuban pangaweruh masarakat ngeunaan tradisi di tatar Sunda. Masarakat kudu leuwih maliré, ngariksa, tur ngalarapkeun ajén sarta amanah nu nyangkaruk dina tradisi hajat bumi jeung dijadikeun pedoman pikeun leuwih deukeut ka Pangéran sangkan hirup salamet tur tingtrim.

### 5) Siswa

Salaku generasi penerus bangsa, siswa kudu wanoh jeung reueus kana kabudayaan hususna nu aya di tatar Sunda. Salah sahijina tradisi hajat bumi, ngaliwatan maca artikel ngeunaan budaya anu judulna “Tradisi Hajat Bumi Jagbaya.”